# 4 अपन चारूकातक लोक

अपनासभक चारुकात सभ गोटे – परिवारक सभ सदस्य, शिक्षकगण, आ मित्र लोकनि अद्वितीय छथि। हुनकर नाक, आँखि, केश, त्वचा, आ मूँह सभ अलग-अलग देखाइत अछि। ओ सभ विभिन्न प्रयोजनक लेल अलग-अलग सामग्रीसँ बनल विभिन्न प्रकारक कपड़ा पहिरैत छथि।







एहि अध्यायक अन्त धरि अहाँ लोकक भौतिक विशेषताक विवरण केर अवलोकन आ चित्रण करब। अहाँ अपना लेल सेहो कपड़ा डिजाइन कऽ सकैत छी एहि बातक खोज-बिन कऽ क जे कला तत्वक कोन सामग्री आ पैटर्न ओकरा दोसरसँ भिन्न देखबैत अछि।

## गतिविधि 1 चलू तैआर होइत छी!!

की अहाँ सभ समय एक्कहि प्रकारक कपड़ा पहिरैत छी?

अहाँ कोन तरहक कपड़ा पहिरैत छी?

की अहाँ अपन कपड़ा मे कोनो पैटर्न देखि सकैत छियैक?

अहाँ अपन पसीनक कपड़ा पहिरने अपन एकटा चित्र बनाउ। एकरा अपन पसीनक रङ्ग आ पैटर्न मे बनाउ। पैटर्न बनबै काल विभिन्न प्रकारक बिंदु, रेखा आ आकारक प्रयोग करू।

**मजगर तथ्य**

जखन आकृतिकेँ कएक बेर दोहरायल जाइत अछि तँ ओ एकटा **प्रतिकृति** बनि जाइत अछि।

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 2 की पहिरब आ कखन पहिरब?

अहाँ एकटा मेलामे जा रहल छी
तऽ अहाँ की पहिरब?
एतय चित्र बनाउ।
अथवा
अहाँ अपन भातिज सोनू केर
बियाहमे जा रहल छी, अहाँ की
पहिरय चाहब? अपन कल्पना
करू जे अहाँ पारम्परिक
परिधान पहिरने छी आओर आ
ओकर चित्र बनाउ।
अथवा
अगिला जन्मदिन केर पार्टीमे
अहाँ की पहिरब? ओकरा एतय
बनाउ।

© NCERT
not to be republished

## गतिविधि 3 एकटा मूँहक आकृति बनाउ

एकटा मूँह बनाउ आओर आँखि,
नाक, कान, केश, ठोर आदि
कोनो शैली मे आ कोनो सामग्रीक
उपयोगसँ बनाउ।




**निरन्तरता राखू : देहक आन भागक अथवा पूरा देहक अन्य विशेषता जेना हाथ, आँगुर, पएर, पएरक आँगुर, वा किछु अलग जे अहाँ कल्पना करैत छी से बनाउ!**

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 4 हाथ सँ बनाउ

© NCERT not to be republished

अहाँक अपन हाथ

एकटा वयस्कक हाथ